


# KONEKSYON

29 AVRIL 2022

## RIBRIK SIPÈENTANDAN



**DR. JAVIER MONTAÑEZ**
Sipèentandan

Bonjou fanmi PPSD a epi byenvini nan dènye edisyon bilten enfòmasyon chak 2 semèn nou an! Si ou menm oswa yon moun ou konnen rate youn nan bilten sa yo, ou ka jwenn edisyon ki sot pase yo sou sitwèb PPSD la nan plizyè lang.

Yon pati enpòtan nan Plan Aksyon pou Transfòmasyon kominote nou an pou lekòl nan Providence se ogmante pousantaj nan salklas ki gen yon bèl estaf nan kòmansman chak ane lekòl yo. Epi tout sa a se pou yon bon rezon, kòm yon ansyen pwofesè PPSD, asistan direktè epi direktè lekòl, mwen ka di w selon eksperyans pwofesè nan yon lekòl ki gen yon bèl estaf pi efikas. E sa a ede etidyan nou yo fè pwogrè.

Se konsa, mwen te ekzije ekip mwen an estrik anpil sou pwosesis anbochaj pou pwochen ane lekòl la. Nou gen plizyè nouvo benefis pou nou ofri kandida yo epi nou getan afiche pozisyon travay nan dat 7 mas, plis pase yon mwa pi bonè pase lè nòmal nou konn afiche yo.

Gad yon diferans nan yon mwa! Rive jodi a, nou deja anboche 206 pòs PTU pou ane pwochèn. Men yon detay sou anplwaye sa yo:

- 102 nan yo se pwofesè yo ki te lib
- 53 nan yo se moun yo anboche deyò epi ki nouvo nan PPSD
- 47 nan yo se pwofesè ki pral nan lòt pòs oswa yo te bay pwomosyon
- 11 nan yo se pwofesè ranplasan ki pral fiks avèk nou nèt

Kounye a, nou genyen tou 15 lòt òf pou kandida. An brèf, nou byen lwen pa rapò ak kote nou te ye ane pase a paske ane pase, nan moman sa a, nou te apèn kòmanse pwosesis sa a.

Mwen byen konprann travay la pa fini la a. Moute yon estaf se toujou yon defi nou dwe epi n ap genyen pou n fè fas. Men, n ap fè gwo pwogrè pou n asire nou bilding nou yo plen ak bon kalite pwofesè ki pare pou ede elèv nou yo reyisi.

## MIZAJOU DISTRI A

### APRANTISAJ NAN SEZON ETE (SUMMER LEARNING, AN ANGLÈ)

**Enskripsyon pou pwogram aprantisaj pandan ete PPSD la louvri!** Aprantisaj nan sezon ete a gratis pou tout elèv PPSD yo. Ane sa a, pwogram elaji a pral ajoute plizyè èdtan pou bay sèvis chak jou pou elèv elemantè yo. Pou kontinye ogmante sipò li bay elèv k ap aprann plizyè lang yo, PPSD te fè aranjman tou pou tout kou Aprantisaj nan sezon ete 2022 yo vrèman adapte pou elèv ki pale plizyè lang yo. Yon lòt bagay ki nouvo tou ane sa a, elèv lekòl segondè yo ap gen aksè ak pwogram Edikasyon Teknik epi Pwofesyonèl (CTE, an anglè) pandan Aprantisaj nan sezon ete a. Aprantisaj nan sezon ete a ap gen ladan yon lòt fwa ankò aprantisaj akselere pou elèv yo anplis rekiperasyon kredi a. Manje maten ak manje midi disponib tou gratis pou elèv tout laj. Plis enfòmasyon sou dat pwogram yo, lè ak detay isit la.

### SEMÈN FÈT PWOFESÈ

Soti 2 Me rive 6 Me se Semèn Fèt Pwofesè! Asire w rezève yon ti tan pou w remèsye epi onore pwofesè nou yo ki te travay di ak tout nanm yo. Dènye ane ki sot pase yo te vrèman difisil pou nou tout, men ansèyman se youn nan pwofesyon ki te plis frape pa pandemi an. Malgre tout bagay, pwofesè PPSD nou yo kontinye ankouraje elèv nou yo epi ede yo fè pwogrè. Men kèk sijesyon fason w ka fè yon pwofesè konnen w apresye l:

- Mete rad wouj nan Jounen Nasyonal Pwofesè yo (3 Me 2022)
- Fè elèv ou a ekri yon lèt bay yon pwofesè aktyèl oswa pou yon ansyen pwofesè
- Si elèv ou a pi piti, fè l desine yon foto pou pwofesè li a
- Antre an kontak ak yon pwofesè ki te gen yon enpak sou pwòp lavi w
- Bay liv nan bibliyotèk pwofesè w la
- Chèche konnen ki manje pwofesè w la pi renmen epi fè l yon sipriz
- Kreye lòt lide - pa gen okenn move fason pou montre apresyasyon w!

### YOUN NAN PI BON ESTAF NAN PEYI A

Felisitasyon pou estaf ak elèv nou yo k ap travay di nou yo nan Classical High School poutèt US News and World Report rekonèt nou yon lòt fwa ankò tankou youn nan pi bon lekòl segondè piblik nan peyi a! Yo konsidere Classical High School kòm pi bon lekòl segondè piblik nan Rhode Island epi li nan 91yèm plas sou prèske 18,000 lekòl atravè tout peyi a. Klasman yo te baze sou mezi sa yo: preparasyon pou inivèsite, sa a pwogram pou inivèsite a kouvri, pèfòmans nan evalyasyon leta a, konpetans nan evalyasyon leta a, konpetans nan lekti ak matematik, pèfòmans nan lekti ak matematik, pèfòmans elèv defavorize yo ak pousantaj gradyasyon.

### PWOSESIS RETOUNEN LEKÒL AN SANTE

Lekòl piblik nan Providence yo kontinye kontwole ak anpil atansyon ka COVID-19 yo atravè Distri a. Mask yo te vin opsyonèl pou elèv yo ak estaf la nan kòmansman mwa sa a epi tout elèv yo te soti nan vakans 25 avril. Pandan semèn vakans yo t ap fini an, PPSD te kontinye anrejistre yon mwayèn apeprè 10 ka pozitif chak jou atravè tout distri a oswa plis pase 20,000 elèv – menm pousantaj Distri a ap anrejistre an mwayèn pandan plizyè semèn jiska kounye a. Asistans pandan semèn fen vakans avril la te yon ti kras pi wo tou pase asistans mwayèn pou tout ane lekòl la jiskaprezan.

## OMAJ AK ELÈV YO

Elèv ki genyen talan ak elèv nou genyen k ap travay di yo ap fè kèk bagay ekstrawòdinè chak jou! Men kèk egzanp.



### AKTIVITE PARAMILITÈ (JROTC, AN ANGLÈ)



Pwogram **Hope High School JROTC** te gen yon jounen sou teren nan **baz Gad Nasyonal Ayeryen an nan Quonset**, jedi 14 avril. Elèv ki nan pwogram nan te fè eksperyans diferan aspè nan aktivite militè, jwenn opòtinite pou teste fòs yo, fè fas ak laperèz epi patisipe nan aktivite ranfòsman travay an ekip. Pandan jounen an, elèv yo te moute nan yon elikoptè Black Hawk, yo te pouse yon miray 12 mèt epi yo te aprann sou opòtinite pwofesyonèl! Gade yon videyo sou pwogram JROTC la isit la:
https://youtu.be/6fj6KDwrQp4




### ELÈV MATÈNÈL YO AP FÈ PWOGRÈ (PRE-K LEARNERS SHINE, AN ANGLÈ)



**Elèv pre-matènèl yo** ak fanmi yo te patisipe nan yon sware brikolaj nan **Pleasant View Elementary School** lendi 11 avril. Pwogram pou Tibebe te òganize tou yon jounen pre-matènèl antre gratis nan **Young Woods Elementary School** nan madi 5 avril pou bay elèv yo opòtinite pou yo montre fanmi yo klas yo ak travay yo fè.

Plis enfòmasyon sou Pwogram pou Tibebe nou an isit la.



### KONKOU PWEZI "TAKE THE MIC"

**Bibliyotekè Lekòl Segondè Lekòl Piblik Providence** ak **Bibliyotèk Kominotè Providence la** te òganize ***Take the Mic***, yon konkou pwezi pou adolesan, nan Knight Memorial Library nan Providence mèkredi 27 avril. Pwofesè ak elèv yo te pataje pwezi yo. Yo te demontre gen pouvwa nan mo yo!




## APÈSI SOU ESTAF LA

Aprann konnen moun ki ekstawòdinè k ap travay ak elèv nou yo chak jou!

**Kyisha "Ms. Kyi" Threats**

*Pwofesè Devlopman Lang Anglè 7yèm ak 8yèm ane*
*Responsab pwofesè 6yèm ane Success 101 ak MLL yo*
Biwo: DelSesto Middle School
Te rejwenn PPSD nan lane: 1995

**Ki jan w dekri travay ou bay moun ki p ap travay nan edikasyon?**
Lè m rankontre ak moun epi yo mande m sou defi ki genyen nan metye pwofesè, mwen raple yo timoun sa yo se kominote mwen e yo se kominote nou. Se poutèt sa a, mwen renmen sa a m ap fè a e mwen renmen kanpe devan yon klas chak jou, menm si defi yo la a. M ap toujou mansyone rezon ki fè m la ki se elèv mwen yo. Yo viv moman difisil menm jan ak granmoun epi yo bezwen modèl ak moun k ap pran swen yo nan lekòl la. Kidonk, menm si m rive jwenn yon sèl elèv, mwen konnen mwen fè travay mwen.

> **Edikasyon se kle a – yon fwa w genyen li, pèsonn pa ka retire l nan men w.**

**Ki pi bon pati nan travay ou a?**
Se timoun yo. Sa a fè m santi m byen paske mwen te nan kèk sitiyasyon elèv mwen yo ye kounye a. Mwen se yon pwodwi PPSD, mwen fèt la a epi mwen leve la a. Mwen fè yo konnen mwen rive kote m ye jodi a paske mwen te pèsevere ak menm bagay y ap travèse jounen jodi a. Sa ede nou pale epi mwen ka oryante yo nan aktivite oswa resous yo bezwen. Bagay mwen pi renmen di elèv yo se edikasyon se kle a - yon fwa w genyen li, pèsonn pa ka retire l nan men w.

**Ki bagay ou ta renmen plis moun konnen konsènan travay ou oswa PPSD an jeneral?**
Mwen t ap di moun yo - Pa kwè tout sa w tande sou televizyon. Vin nan lekòl yo epi fè konesans ak timoun yo. Nou gen bon jan elèv ak bon jan pwofesè nan PPSD. Negativite a tèlman tris. Mwen swete moun nan kominote a konprann ki jan bagay yo ye chak jou nan lekòl yo epi ki jan sa a se yon bon bagay pou w nan yon salklas nan yon lekòl.

**Ki obstak elèv ou yo te simonte ane sa a ki fè w fyè?**
Mwen t ap di fason yo kominike youn ak lòt. Se te yon gran defi apre aprantisaj a distans epi ak mask. Kounye a, mwen wè yo fòme gwoup kote y ap travay ansanm, jwe ansanm, pale youn ak lòt epi wè yo jis kontan, epi wè yo ap jwi lavi timoun yo. E lè yo nan mantalite sa a, yo ka konekte ak pwofesè yo pi fasil epi nou ka pale sou yon bagay - sa a tèlman enpòtan.

## SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- Elèv lekòl Providence yo ap suiv anplwayè potansyèl yo — epi yo peye yo pou yo fè sa a Boston Globe, 11 avril 2022
- Majistra Elorza, patnè kominote a ak ofisyèl vil yo anonse kounye a benefis pwogram piblik PVD sezon ete 2022 Manje, Jwe, Aprann nan dat 19 avril 2022
- Konsèy Lekòl Providence mande pou sipòte Sipèentandan Javier Montañez Boston Globe, 13 avril 2022
- Elorza ak ofisyèl edikasyon yo pral inogire yon nouvo sant aprantisaj nan Providence ABC 6, April 13, 2022
- Jounen Inivèsite nan Brown bay elèv lekòl segondè Providence yon apèsi sou lavi akademik ak lavi kanpis la Brown News, 14 avril 2022

## MAKE NAN KALANDRIYE W!

- **EID AL-FITR - PA GEN LEKÒL**
  Madi 3 Me 2022
- **JOUNEN DEVLOPMAN PWOFESYONÈL**
  Mèkredi 11 Me 2022
- **MEMORIAL DAY - PA GEN LEKÒL**
  Lendi 30 Me 2022
- **PWOGRAM APRANTISAJ NAN SEZON ETE DAT LIMIT ENSKRIPSYON**
  Mèkredi 4 Me 2022
- **KONSÈY EVALYASYON PARAN**
  Lendi 16 Me 2022
  6:00 p.m.
- **Fwa travay PPSD**
  Jedi 5 Me 2022
  5:00 p.m. - 7:00 p.m.
- **REYINYON KONSÈY LEKÒL LA**
  Mèkredi 18 Me 2022
  6:30 p.m.

## PATAJE NOUVÈL LA




### FWA TRAVAY

PPSD pral òganize yon dezyèm fwa travay nan sezon prentan nan DelSesto Middle School nan dat 5 me soti 5:00 p.m. pou rive 7:00 p.m. Yo ankouraje anplwaye entèn ki toujou ap chèche travay nan distri a pou yo patisipe. Tanpri anrejistre isit la epi kontakte jacqueline.duarte@ppsd.org pou nenpòt kesyon.




### TRAVAY POU JÈN

Aplikasyon pou opòtinite travay pou jèn yo avèk Depatman Rekreyasyon ak Pak Vil la louvri kounye a → Plis enfòmasyon: http://pvdsummerjobs.com

Providence Schools EARLY CHILDHOOD PROGRAM

### PRE-MATÈNÈL PPSD

Pwogram konkou Pre-Matènèl Entegral 2022-2023 ak pwogram Pre-Matènèl RI a louvri. Pwogram Pre-Matènèl RI a bay edikasyon Pre-Matènèl ak kalite siperyè gratis pou timoun 3, 4 ak 5 lane ki kalifye nan Rhode Island. Jwenn plis enfòmasyon isit la >

Genyen kèk bagay enkwayab k ap pase nan Distri a epi nou vle mete tout moun okouran! Si w gen yon pwogram, yon evènman, yon manm estaf la oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa w ta renmen mansyone, tanpri voye yon imèl nan communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2022 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org